



MALDEN PUBLIC SCHOOLS
77 Salem Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-397-6100 Faks: 781-397-7276
www.maldenps.org

John Oteri, M.Ed.
Siveyan Jeneral Lekòl yo

Kelly Chase, Ed.D.
Michael Wood, CAGS
Asistan Siveyan Jeneral Lekòl yo

16 Mas 2020

Chè Pèsonèl, Elèv, ak Fanmi Malden Public Schools yo,

Nou swete w an sekirite e an sante pandan w ap li mesaj sa a nan premye “jou pa gen lekòl” emèjènsi ofisyèl la. Jan anpil nan nou te tande Gouvènè Baker di sa yè swa, nou mèt atann tout lekòl atravè Massachusetts yo pral rèt fèmen jiska omwen 7 avril. N ap viv moman nou potko janm wè e n ap treavay pi vit posib pou n ka konprann tout nouvo enfòmasyon yo, pou n poze kesyon ki enpòtan yo, apre sa pou n distribye enfòmasyon yo bay fanmi yo ak pèsonèl la. Nou konprann ou gendwa gen anpil kesyon, enkyetid, ak tètchaje pandan n ap eseye fè ekilib ant pran swen sante piblik la ak kontinye lavi nòmal nou anrapò ak lekòl ak aprann. Mwen swete ti mesaj sa a pral ede w konprann pi byen sa k te pase nan distri a pandan 3 jou ki sot pase yo, epi ba w yon ti apèsi sou sa nou ka atann nan jou k ap vini yo.

Jan w konn sa deja, jedi ki sot pase a nou te ranvwaye fòmasyon pwofesyonèl pou anseyan nou yo. Nou te pran desizyon sa a poutèt jan sitiyaasyon an t ap evolue anrapò ak viris COVID-19 la. Vandredi nou te pase jounen an ap travay depre avèk Biwo Majistra a, nou te fè anpil apèl konferans, apre sa pèsonèl biwo santral la te ranmase tout pakèt enfòmasyon ki t ap soti nan òganizasyon sante lokal yo, òganizasyon sante leta yo, Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (DESE), ak Ekip Jesyon Ijans Malden nan.

Manje pou Elèv

Aprè apèl nou te fè vandredi yo, premye priyorite nou se te asire elèv nou yo ap jwenn manje maten ak manje midi. Nou ta renmen remèsye Omar Hernandez ki nan “Whitson’s” (founisè sèvis manje nou an) ak tout pèsonèl sèvis manje a ki vrèman devwe ki te sou plas depi a 5 è dimaten pou sanble manje pou nenpòt elèv ki ta renmen youn. ***Manje sa yo gratis pou TOUT elèv Malden yo, kèlkeswa revni yo e nan kèlkeswa lekòl yo ye.*** Manje disponib nan lè ak andwa ki vin apre yo:

Manje	Lè (Lendi rive Vanredi)	Andwa
Manje Maten	7:30 a.m. - 9:00 a.m.	Salemwood, ni kafeterya anba a, ni kafeterya anwo a MHS (Malden High School), toude kafeterya yo
Manje Midi	11:00 a.m. - 1:00 p.m.	Salemwood, ni kafeterya anba a, ni kafeterya anwo a MHS, toude kafeterya yo

Aprann e Angaje w

Nou pral travay avèk Asosyasyon Edikasyon Malden nan ak Direktè Pwogram Lekòl nou yo pandan semèn nan pou n kòmanse bay resous pou fanmi yo. Se biwo santral la ki pral kowòdone sa a, ki vle di ou **pa dwe atann** ou pral jwenn kominikasyon nan men pwofèsè w yo. Ou **dwe atann** ou pral wè yo poste yon lis resous jedi sa a pou pita. Anplis de sa, DESE a ap travay avèk kolaboratè l yo nan kominote a pou kreye okazyon pou elèv yo aprann pa mwayen stasyon televizyon lokal yo. N ap gen plis enfòmasyon sou inisyativ sa yo nan jou k ap vini yo.

Semèn pwochèn, pandan sitiyasyon an kontinye evolye, w ap resevwa plis enfòmasyon sou sa w ka atann alavni nan domèn angajman an.

Teknoloji

Nou konprann anpil nan fanmi nou yo gendwa pa gen aksè ak teknoloji lakay yo. N ap travay pou n jwenn fason pou n bay fanmi yo aksè ak teknoloji, e nou pral fè n konnen plis sou posiblite sa a talè konsa.

Kominikasyon k ap Kontinye

Nou pral travay avèk MATV pou n difize anons ak mizajou ki enpòtan ki gen rapò ak Malden Public Schools. Anplis de sa, w ap wè plis mizajou tankou sa omwen yon fwa chak semèn, ansanm ak lòt kominikasyon sou rezo sosyal, pa mwayen apèl otomatik pou kominote lekòl la, ak sou sit wèb nou an, www.maldenps.org.

Nou kontan anpil nou pral travay avè w pandan jou k ap vini yo.

Nou swete w lasante,

John Oteri

John Oteri
Siveyan Jeneral